



Rezime Egzekitif Estrateji Finans ResilientMass

Out 2025



massDOT
Massachusetts Department of Transportation



ResilientMass



Rezime Egzekitif

Massachusetts deja santi enpak yon klima k ap chanje atravè ogmantasyon inondasyon, chalè ekstrèm, ewozyon kotyè, dife forè, ak lòt pètibasyon ki mete kominote yo, enfrastrikti yo, ak ekosistèm yo an danje. Frekans ak entansite sa yo ap ogmante, epi yo gen konsekans reyèl sou sante ak sekirite piblik, ekonomi lokal yo, ak estabilite fiskal alontèm. Commonwealth la te deja prepare plan ak kad politik konplè pou fè fas a enpak yo epi bati rezilyans alontèm. Sepandan, adaptasyon kontinyèl alafwa nan yon klima k ap chanje ak yon peyizaj finansman k ap evolye pral bezwen yon sistèm investisman entegre ki kapab egzekite pwojè ki depase kapasite nenpòt sekretarya endividyèl. Massachusetts dwe adopte yon apwòch kolaboratif gouvènman an pou finanse epi founi rezilyans yon fason efikas.

Estrateji Finans ResilientMass la reponn dirèkteman a yon aksyon [Plan ResilientMass 2023](#) ak [rekòmandasyon Responsab Klima](#) a pou devlope yon estrateji konplè pou envesti nan rezilyans klimatik. Li abòde twa kesyon esansyèl:

- Ki mezi rezilyans ki gen rapò ak enfrastrikti enpòtan nan Commonwealth la?
- Ki sa yo pral koute, epi ki valè investisman sa yo?
- Ki jan Massachusetts ka bati yon sistèm alontèm pou bay lajan, finanse, epi akselere ritm miz an aplikasyon an?

Rezilta a se yon estrateji an de pati. Premyèman, yon **Evalyasyon Investisman** estime bezwen investisman ak valè rezilyans sèt mezi kle yo - entèvansyon kapital ki gen gwo enpak atravè enfrastrikti, ekosistèm, ak sèvis piblik yo. Dezyèmman, **Plan Finansman Rezilyans lan: Ranfòsman Kapasite pou Aksyon** an defini yon apwòch pa etap pou ranfòse kapasite finansye, enstitisyonèl, ak teknik ki nesèsè pou mete an aplikasyon mezi sa yo avèk tan an. Ansanm, yo ofri yon chemen klè pou swiv ki baze sou priyorite aktyèl yo, ki fèt pou adaptasyon alontèm, epi ki konsantre sou transfòmasyon objektif klimatik yo an aksyon dirab, nan tout eta a. Prensipal ansèyman ki soti nan pwojè a prezante anba a. Ou ka jwenn rapò konplè a nan [resilient.mass.gov](#).

EVALYASYON INVESTISMAN NAN MEZI REZILYANS KLE YO



Mezi Rezilyans

Jan sa defini nan pwojè sa a, yon pwojè oswa pwogram investisman oswa dosye pwojè oswa pwogram investisman, ki reyalizab epi ki vize jwenn rezilta ak avantaj nan zafè rezilyans klimatik atravè youn oswa plizyè nan sektè sa yo: Sante ak Byennèt Moun, Gouvènans, Enfrastrikti, Anviwònman Natirèl, ak Ekonomi.



Valè Rezilyans

Valè rezilyans lan gen ladan depans ki evite ansanm ak pi gran avantaj sosyal, anviwònmanal, ak ekonomik ki ka rezilta mezi ki pran pou prepare pou, reziste, epi rapidman retounen sou de pye apre pètibasyon nan lavi chak jou akòz yon klima k ap chanje.



Bezwen Investisman

Bezwen investisman an prezante sou fòm yon estimasyon apwoksimatif depans investisman davans ki ka nesèsè pou aplike mezi rezilyans kle yo.

Evalyasyon Investisman an konsantre sou mezi rezilyans kle ki idantifye nan Tablo 1 ki bay avantaj a divès sektè ak kote jeyografik nan tout Commonwealth la. Sèt mezi rezilyans kle sa yo konsantre espesyalman sou pwojè ki bezwen investisman davans epi yo pa reprezante tout investisman oswa bezwen nan zafè rezilyans, tankou pwogram ki sipòte preparasyon oswa ranfòsman kapasite kominote a.

Tablo 1: Rezilta Rezime Estimasyon Apwoksimatif Bezwen Envestisman pa Mezi Rezilyans Kle

Mezi Rezilyans Kle	Bezwen Envestisman Jiska 2050*
Baraj Enpòtan e ki an Gran Danje: Retire oswa, kote sa pa posib, amelyore oswa repare baraj enpòtan e ki an gran danje pou reponn a kondisyon klimatik alavni, pwoteje byennèt ak sekirite kominote yo, epi retabli abita pou lapèch nan dlo frèt ak dlo cho Ti Pon ak Kòlvèt yo: Ranplase ti pon ak kòlvèt priyorite ki piti anpil yo pou diminye danje inondasyon pou kominote yo ak enfrastrikti esansyèl yo andedan tè yo epi retabli mouvman pwason ak zannimo yo Zòn Imid kotyè ak Bò Rivyè ak Plèn Inondab: Pwoteje, amelyore, ak rekonekte zòn imid kotyè ak bò rivyè ak plèn inondab yo atravè: - Restorasyon zòn imid kotyè ak bò rivyè ak abita plèn inondab - Konsèvasyon pèmanan nan tè ki pa devlope - Achte Pwopriyete - Pwoteksyon kont inondasyon nan nivo distri a Konsèvasyon Forè ak Plantasyon Pyebwa: Elaji konsèvasyon forè ak plantasyon pyebwa, ki gen ladan forè nan vil, pou diminye efè ti zile chalè nan vil, ogmante sekestrasyon kabòn, amelyore jesyon dlo lapli, epi amelyore kapasite refwadisman Enfrastrikti Transpò Estratejik: Diminye enpak dlo inondasyon ak ewozyon sou enfrastrikti transpò etratejik atravè pwoteksyon oswa relokalizasyon wout, tren, tinèl, pon, ak enstalasyon transpò piblik ak enfrastrikti yo Enfrastrikti Dlo Potab, Dlo Ize, ak Dlo Lapli: Pwoteje epi amelyore enfrastrikti esansyèl dlo potab, dlo ize ak dlo lapli pou diminye enpak inondasyon kotyè ak andedan tè ak presipitasyon ekstrèm Preparasyon pou Chalè ak Sekou: Envesti nan preparasyon pou chalè ak sekou tankou: - Ogmante aksè a refwadisman pou rezidan yo, moun ki pa gen kay, ak travayè deyò tankou atravè refwadisman elaji nan bilding ak sant refwadisman yo - Ogmante estrikti ki gen lonbraj, espas jwèt dlo, pak, zòn pou naje ak aksè bò lanmè	- Retire 200 a 300 baraj (pami baraj leta reglemante yo, anviwo 200 reprezante yon danje enpòtan oswa gran epi yo nan yon kondisyon fizik danjere oswa medyòk) - Ranplase / agrandi mwatye nan kòlvèt ak ti pon ki egziste yo - Restore zòn imid kotyè ak dlo dous yo - Enstale pwoteksyon kont inondasyon nan nivo distri a nan zòn kotyè yo - Achte ant 1.250 a 2.500 pwopriyete rezidansyèl, asime acha apeprè 50-100 pwopriyete chak ane - Konsève 685.000 kawo tè forè sou baz objektif konsèvasyon 40% anvan 2050 Commonwealth la fikse a - Plante 64.000 kawo tè an pye bwa ki grandi nan vil ak bò rivyè ak lak sou baz objektif 2050 Commonwealth la pou plantasyon pye bwa - Ogmantè wotè, pwoteje oswa antretni yon pòsyon nan kilomèt wout kategori 1 a 4 ki ekspoze (otowout ak wout prensipal yo) nan plèn inondab 100 ane a - Pwoteje pon yon avèk sipò an wòch epi ranfòse pilye pon yo ak estrikti sipò yo pou yo reziste a kondisyon alavni yo - Enstale pwoteksyon kont inondasyon nan pòtay tinèl yo nan sistèm Central Artery / Tunnel la ak nan pòtay tinèl Massachusetts Bay Transportation Authority (MBTA), epi konplete amelyorasyon chanm ponp lan pou pwoteje tinèl MBTA yo - Ogmantè wotè ray banlye MBTA a nan plèn inondab 100 ane a - Amelyore ak pwoteje enstalasyon ak estrikti transpò piblik yo - Pou enfrastrikti dlo potab ak dlo ize yo, ogmante estokaj, ajoute tretman likid k ap koule, pwoteje oswa deplase enstalasyon yo, epi elaji enfrastrikti vèt ak gri yo pou jere ekoulman ki pi enpòtan yo - Pou enfrastrikti dlo lapli yo, elaji enfrastrikti dlo lapli vèt pou fè fas a evènman meteyowolojik imid yo epi envesti nan separasyon sistèm egou konbine yo nan 19 kominote ki bezwen pèmi pou jere debòdman egou konbine atravè Commonwealth la - Aplike mezi refwadisman nan lekòl, kay, ak bilding gouvènman an - Enstale estrikti lonbraj, pisin, ak espas jwèt dlo nan Depatman Pak Konsèvasyon ak Lwazi yo

Entèval Total Estimasyon Apwoksimatif (awondi, \$ 2024)

\$ 90 rive \$ 130 M

Remak: Rezilta yo eksprime an dola ameriken 2024 (\$) epi yo awondi. M = Milya

Enfòmasyon ki prezante yo refilete estimasyon ki fèt apati de yon ansanm sipozisyon ak done ki defini. Li fèt pou ilistre echèl potansyèl envestisman ki ka nesèsè pou fè pwogrese mezi rezilyans kle ki anwo yo epi li pa reprezante bezwen envestisman final oswa angajman depans yo.

*Evalyasyon Envestisman an konsantre sitou sou envestisman nan rezilyans jiska 2050 pou byen piblik, menm si metodoloji a varye selon mezi rezilyans kle a.

Evalyasyon Envestisman an konsantre sitou sou envestisman nan zafè rezilyans jiska 2050 pou byen piblik, menm si metodoloji a varye selon mezi rezilyans kle a. Li gen ladan etid ka mezi rezilyans yo pou ilistre bezwen envestisman ak valè. An jeneral, Evalyasyon Envestisman an se pa yon plan amelyorasyon envestisman epi li pa idantifye byen espesifik pou priyozasyon oswa envestisman. Evalyasyon Envestisman an se yon estimasyon apwoksimatif depans pou yon sou-ansanm estrateji nan chak mezi rezilyans sou baz done ak disponiblite metòd epi li pa reprezante tout bezwen envestisman pou sèt mezi rezilyans kle jiska 2050 estime ant \$ 90 milya (M) ak \$ 130 M. Envestisman sa yo pa nesèsman reprezante nouvo travay men yo pouswiv aktyèl priyòrite envestisman Commonwealth la ak inisyativ enpòtan ki deja prezan nan tout mezi rezilyans kle yo.

Envesti kounye a pral bese pèt ekonomik reyèl ak kantifyab yo. Selon nivo entèvansyon an, yo estime domaj tanpèt lakòz nan Boston sèlman koute ant \$ 5M ak \$ 100M pandan syèk sa a.¹ Bank Rezèv Federal Boston an te jwenn depans minisipal yo pral ogmante konsiderableman nan deseni k ap vini yo akòz tanperati yo prevwa k ap monte. Depans ki gen rapò ak enpak klimatik yo pa pral distribye yon fason egal, epi sèten popilasyon pral afekte yon fason dispwòsyone. Pwojeksyon global sou domaj chanjman klimatik yo estime menm avèk aksyon enpòtan jodi a, ekonomi mondyal la ap deja sibi yon yon rediksyon revni 19% rive 2050, akòz pèt pwodikтивite travay, rediksyon pwodiksyon agrikòl, ak domaj nan enfrastrikti fizik yo.²

Avantaj adaptasyon yo ka gen ladan domaj fizik ak pètibasyon ki evite, enpak sou sante piblik ki evite, avantaj fiskal ak lòt ko-avantaj tankou kreyasyon djòb ak lwazi. Nan Etazini (US), yon etid retwospektif sou aktivite alèjman ki finans pa sibvansyon federal te jwenn sou yon peryòd apeprè 20 ane, \$ 1 nan envestisman pou redui danje natirèl te pèmèt ekonomize \$ 6 nan domaj ki evite.³ Yon etid ki US Chamber of Commerce (Chanm Komès Etazini) sou 25 senaryo katastwòf natirèl modelize ajoute

- 1 Ajans Pwoteksyon Anviwònman an, "Kisa Chanjman Klimatik la Vle di pou Massachusetts," Out 2016, <https://19january2017snapshot.epa.gov/sites/production/files/2016-09/documents/climate-change-ma.pdf>.
- 2 Maximilian Kotz et al., "Angajman Ekonomik Chanjman Klimatik la," Nature 628, no. 8008 (2024): 551–57, <https://doi.org/10.1038/s41586-024-07219-0>.
- 3 "Ekonomi sou Rediksyon Danje: Rapò 2019" (Konsèy Rediksyon Danje Miltip, 2019), https://nibs.org/wp-content/uploads/2025/04/NIBS_MMC_MitigationSaves_2019-1.pdf.

nan konklizyon sa a, ki estime gen yon rediksyon \$ 7 nan depans ekonomik apre yon evènman (egzanp, pèt pwodiksyon ak revni akòz moun ki kite mache travay la) pou chak \$ 1 ki envesti nan rezilyans. Lè yo ajoute avantaj ki gen rapò ak prevansyon domaj ak depans netwayaj, yo te estime avantaj yo depase depans 13:1.⁴ Sou baz analiz pwojè pwototip ki tonbe nan mezi rezilyans kle yo, avantaj yo toujou depase depans yo nan yon rapò omwen 2 pou 1. Avantaj yo pou pwojè pwototip sa yo gen plis chans pou yo pi gwo etandone se pa tout avantaj yo ki ka monetize fasilman, epi analiz la konsantre sou avantaj dirèk, olye de pèt ekonomik an kaskad nan ekonomi rejyonal la.


PLAN FINANS REZILYANS: RANFÒSMAN KAPASITE POU AKSYON

Plan Dirèk la se yon kad estratejik pou gide epi akselere envestisman dirab nan mezi rezilyans kle yo atravè Massachusetts. Objektif prensipal li se amonize envestisman piblik ak prive avèk mezi rezilyans kle Commonwealth la - sa yo ki gen pi gwo potansyèl pou diminye risk, pwoteje enfrastrikti ak ekosistèm yo, epi sipòte byennèt kominote a.

Plan an prezante refòm enstitisyonèl ak finansye ki nesès pou rann envestisman nan mezi rezilyans kle yo pi koyeran, kowòdone, ak evolutif. Li kòmanse avèk aktyèl priyòrite ak kapasite Commonwealth la, ansuit, evolue avèk tan an nan direksyon yon sistèm envestisman konplètman entegre alontèm. Li konsantre dabò sou pwojè ki pare pou egzekite ak zouti finansman aktyèl yo, pandan y ap mete baz pou refòm enstitisyonèl ak finansye ki pi laj yo.

Plan an estriktire an twa faz ki idantifye nan llistasyon 1 an men ki fèt pou li fleksib. Aksyon yo kouvri youn lòt, epi estrateji yo pral adapte selon eksperyans ki fèt. Fondamantalman, Plan an favorize aprantisaj kontinyèl, ranfòsman kapasite yo, epi rete an amoni avèk risk, bezwen, ak opòtinite k ap evolue yo. Aksyon Faz 1 yo pi sèten, epi Aksyon Faz 2 ak 3 yo sijè a chanjman ki baze sou kondisyon, priyòrite, ak aprantisaj k ap evolue.

- 4 "Preparasyon gen Rekonpans: Avantaj Ekonomik Envestisman nan Rezilyans Klimatik" (Chanm Komès Etazini, 2024).



FAZ 1

Faz 1: Pilòtaj ak Amonizasyon. Premye faz la konsantre sou pèmèt miz an aplikasyon kounye a - itilize pwogram aktyèl yo, sous finansman, ak zouti enstitisyonèl pou fè avanse pwojè ki plis priorite yo. An menm tan, li kòmanse mete baz pou yon sistèm envestisman ki pi estab ak pi evolutif. Aksyon kle yo gen ladan yo lansman Fon Renouvlab pou Rezilyans ki pwopoze a kòm prèv konsèp pou finansman alontèm, lansman ak ekspansyon Biwo Egzekitif Enèji a ak Zafè Anviwònman (EEA) ak Platfòm Konplè pou Anviwònman ak Klima pou senplifye finansman rezilyans ak ranfòse preparasyon pou pwojè a, amonize ak senplifye pwosesis otorizasyon yo, elaji asistans la teknik lè sa apwopriye, teste modèl egzekisyon pwojè gwoupe, epi mennen yon evalyasyon estrik pou fè envantè depans pwogram aktyèl yo.

Pandan Faz 1 an, Commonwealth la ta mete kanpe tou yon sistèm jesyon adaptatif pou swiv ak evalye pwogrè, ranmase fidbak, epi fè evolye estrateji finansye yo pou satisfè bezwen ak priorite yo. Jesyon adaptatif se yon eleman esansyèl ki ta dwe itilize nan tout faz yo ak pi lwen pou asire sistèm nan ka ajiste si sa nesesè.

FAZ 2

Faz 2: Aplikasyon a Grandechèl - Fè Pwogrese Rezilyans nan Tout Bagay. Dezyèm faz la konsantre sou sistèm ki rann miz a grandechèl la posib. Sa vle di etablisman yon sous pwojè rezilyans fòmèl nan tout eta a, agrandi sèvis pataje yo pou sipòte livrezon nivo nan rejyonal ak lokal, epi divèsifye finansman nan eksplore nouvo mekanis revni ak finansman. Li gen ladan tou mezi pou amelyore kowòdinasyon atravè ajans yo epi pou estandadize fason yo swiv epi resevwa finansman avèk tan an.



FAZ 3

Faz 3: Enstitisyonnalizasyon ak Entegrasyon pou Rezilyans nan tout Sistèm nan. Twazyèm faz la konplete chanjman an nan yon modèl envestisman konplètman entegre. Rezilyans vin yon eleman santral fason Commonwealth la planifye, finanse, epi jere pwojè envestisman yo. Zouti finansman tankou Fon Renouvlab pou Rezilyans yo agrandi, ansanm ak nouvo sistèm pou swiv rezilta yo, adapte estrateji yo, epi oryante envestisman alavni yo nan direksyon bagay k ap fonksyone. Byenke sa reprezante yon objektif estriktirèl alontèm, gen kèk eleman fondamantal - tankou kowòdinasyon ant ajans yo, mezi ekite yo, ak zouti finansman nan premye etap yo - ki deja sou pye, ki mete baz pou transfòmasyon sistèm ki

pi laj.



Pi Gran Aksyon Plan Daksyon Inisyal la

Lanse Fon Renouvlab pou Rezilyans lan

Fon Renouvlab pou Rezilyans ki pwopoze nan Mass Ready Act 2025 la (Lwa 2025 sou Preparasyon an Mas) se yon poto mitan estrateji alontèm Commonwealth la pou elaji aksè a envestisman fleksib, dirab pou rezilyans klimatik. Avèk finansman inisyal \$ 50 milyon ki pwopoze a, fon an ta sipòte pwojè ki gen gwo enpak ki ann amoni avèk mezi rezilyans kle yo, ki priyorize kominote ki fè fas ak pi gwo risk klimatik yo ak pi gwo obstak nan zafè finansman yo.

Fon Renouvlab pou Rezilyans ki pwopoze a fèt pou fè plis ke konble lakin imedya yo. Li sèvi kòm yon platfòm finansman evolutif ki pral evolye avèk tan an, ede Massachusetts soti nan finansman fragman, akoutèm, pou pase a yon modèl envestisman ki pi kowòdone ak pi dirab. Premye prè yo ta konsantre sou tip pwojè ki gen valè piblik klè yo men aksè limite a finansman tradisyonèl - tankou ranplasman kòlèt, retire baraj, enfrastrikti vèt, restorasyon plèn inondab, ak enfrastrikti ki ede diminye chalè.

Clean WaterTrust ta administre Fon Renouvlab pou Rezilyans ki pwopoze a, avèk sipèvizyon estratejik ak seleksyon pwojè ki kowòdone pa biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman an patenarya avèk ajans kle yo. Ansèyman ki tire nan premye faz prè yo pral pèmèt oryante devlopman kontinyèl fon an epi asire li rete adapte a bezwen kominote a, a lakin nan zafè finansman yo, ak objektif envestisman nan tout sistèm lan.

Plan a bati sou kat priyorite estratejik ki detèmine fason pwogrè yo ap dewoule nan tout twa faz yo. Priyorite sa yo pa aksyon izole. Yo se chemen ki gide desizyon, envestisman, ak konsepsyon sistèm depi aplikasyon inisyal la jiska entegrasyon konplè a. Se nan fè pwogrese priyorite sa yo an paralèl li posib pou reyalize envestisman nan rezilyans agrandchèl - yon fason koyeran, ekitab, epi avèk tan an.



Priyorite Estratejik 1

Rann pwojè yo pi fasil pou egzekite

Amelyore kapasite minisipal ak rejyonal yo, espesyalman nan kominote defavorize oswa ti kominote yo, nan diminye chaj administratif yo, bay zouti miz an aplikasyon estandadize, epi elaji aksè a asistans teknik ak sipò nan premye etap yo.



Priyorite Estratejik 2

Senplifye epi Elaji Aksè a Finansman

Senplifye epi amonize pwogram yo nan nivo Commonwealth la pou amelyore aksè, diminye chaj administratif, epi elaji echèl ak enpak finansman piblik la. Sa gen ladan estandadize pwosesis sibvansyon yo, kowòdone kalandriye pwogram yo, epi elaji itilizasyon elijib fon ki egziste yo.



Priyorite Estratejik 3

Aplike Mekanis Finansman yo

Devlope zouti ak chemen finansman evolutif ak alontèm - tankou fon pou prè, rekipere valè ki ogmante, ak modèl ki baze sou rezilta - pou garanti yon envestisman dirab nan rezilyans epi sipòte kolaborasyon piblik-prive.



Priyorite Estratejik 4

Konstwi Kapasite Rejyonal ak Òganizasyonèl

Konstwi estrikti dirab pou kowòdinasyon nan tout eta a, gouvènans rejyonal, ak jesyon pèfòmans - asire sistèm rezilyans lan responsab, adaptatif, ak ekitab avèk tan an.

Illustrasyon 2: Aplikasyon pa Etap Priorite Estratejik yo

	FAZ 1	FAZ 2	FAZ 3
Kat Priorite Estratejik	Pilotaj ak Amonizasyon	Rezilyans nan Tout Bagay	Rezilyans nan Tout Sistèm nan
 Rann Pwojè yo pi Fasil pou Egzekite	Devlope estanda, konsepsyon pre-apwouve, modèl, ak opòtinite senplifikasyon	Formalize epi elaji modèl / kad egzekisyon pwojè yo	Senplifye pwosesis otorizasyon, planifikasyon, ak egzekisyon
 Senplifye epi Elaji Aksè a Finansman	Senplifye aksè a revni ak resous ki egziste yo atravè Anviwònman EEA ak yon Platfòm Konplè pou Klima	Elaji Anviwònman EEA ak Platfòm Konplè pou Klima a pou enkli pwogram finansman siplemantè	Etabli plis aksè a revni redondan, sifizan, ak divèsifye
 Aplike Mekanis Finansman yo	Lanse Fon Renouvlab pou Rezilyans lan	Elaji mekanis finansman kolektif ak rejyonal si sa nesesè sou baz aprantisaj Faz I yo	Asire disponiblite kapital abòdab
 Devlope Kapasite Rejyonal ak Òganizasyonèl	Apwòch pilòt pou kowòdinasyon rejyonal ak priorizasyon	Devlope estrikti gouvènans / lidèchip dirab	Asire responsablite / transparans lidèchip

Ansanm, twa faz yo ak kat priorite estratejik yo fòme yon chemen klè nan direksyon pou bati yon sistèm envestisman nan rezilyans dirab pou Massachusetts. Illustrasyon 2 a demontre kijan priorite ak aksyon estratejik yo klase pa etap. Byenke Plan an estriktire nan lòd, anpil aksyon ta mennen an paralèl, sa ki pèmèt aprann, ajiste, echelone an tan reyèl, sa ki fonksyone. Apwòch sa a baze sou miz an aplikasyon pratik epi li fèt pou transfòmasyon alontèm: amonize resous yo, refòme sistèm yo, epi devlope kapasite ki nesesè pou soutni enpak atravè rejyon yo ak nan tan an pandan y ap jere ensètitud. Rezilta a se yon platfòm ki plis konsantre, kowòdone, ak adaptatif pou envesti nan rezilyans Commonwealth la - kounye a ak alavni.

Tradui Estrateji an Aksyon. Byenke Plan an prezante yon vizyon alontèm, plizyè aksyon deja sou pye pou mete l an aplikasyon. Kat premye inisyativ yo distenge yo potansyèl yo pou akselere pwogrè nan plizyè faz ak priorite:

- Lanse Fon Renouvlab pou Rezilyans ki pwopoze a pou elaji finansman fleksib, alontèm
- Lanse ak elaji EEA Anviwònman ak Platfòm Konplè pou Klima pou senplifye aksè a finansman rezilyans
- Senplifye pwosedi otorizasyon pou pwojè rezilyans yo epi apiye sou Gid Rezilyans lan pou ede fè egzekite bon pwojè yo
- Etabli yon pwogram rejyonal pou idantifye ak fasilite pwojè priorite soti nan planifikasyon jiska konstriksyon

YON PWOSESIS ENKLIZIF


Evalyasyon Envestisman an ak Plan Dirèk la te gide pa yon Komite Konsiltatif Finans ResilientMass. Komite a te gen ladan plis pase 40 reprezantan gouvènman minisipal, ajans planifikasyon rejyonal, òganizasyon kominotè, enstitisyon akademik, ak gwoup defans atravè Massachusetts, avèk yon objektif pou enkli vwa òganizasyon ki reprezante popilasyon Jistis Anviwònmanal yo. Senk reyinyon Komite yo, ki te fèt pandan pwojè a, te sèvi kòm yon fowòm kritik pou teste sipozisyon yo, evalye nivo sipò piblik la pou mezi rezilyans ak mekanis finansman, ak kolekte ide. Yo te fè reyinyon gwoup diskisyon ak minisipalite yo ak ajans Commonwealth yo tou pou ranmase plis enfòmasyon ak resous teknik.

Yo te pran an konsiderasyon kòmantè vèbal ak ekri entèvenan yo nan chak etap pwojè a epi yo te dirèkteman gide priyòrizasyon envestisman nan rezilyans yo epi evalyasyon mekanis finansman inovan. Pwosesis angajman an te ede asire pwodui final la pa sèlman reflete posiblite teknik ak ekonomik, men tou li fè pwogrese ekite klimatik, rezilyans kominotè, ak amonizasyon entèvenan alontèm.

KONKLIZYON

Massachusetts te deja defini ki jan rezilyans klimatik la ye atravè priyorite klè, yon dosye pwojè k ap gwosi, ak yon evalyasyon ki demontre alafwa echèl envestisman ki nesesè a ak valè envestisman sa yo ka delivre. Plan an bati sou fondasyon sa a, ofri yon chemen estratejik pou transfòme plan yo an aksyon ak anbasyon yo an rezilta.

Ansanm, Evalyasyon Envestisman an ak Plan Finansman Rezilyans lan: Devlope Kapasite pou Aksyon bay alafwa "kisa" ak "ki jan". Se yon seri mezi kle nan zafè rezilyans ki ofri yon valè klè, ak yon estrateji pa etap pou finanse, mete an aplikasyon, epi elaji mezi sa yo avèk tan an. Nan konsantre sou aplikasyon pratik, kapasite enstitisyonèl, ak finansman alontèm, Plan an transfòme rezilyans apati de yon koleksyon pwogram enpòtan, men fragman, an yon sistèm koyeran, dirab. Li pèmèt envestisman ki pi entelijan, kowòdinasyon ki pi fò, ak rezilta ki pi ekita - asire priyorite rezilyans ki pi enpòtan Commonwealth la pa sèlman idantifye, men yo mete an aplikasyon tou.



Tout imaj yo itilize yo soti nan Commonwealth la sof si gen endikasyon kontrè.

*Truro,
Sous MA: Adobe
Stock*



massDOT
Massachusetts Department of Transportation



ResilientMass